

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- VAKSEN KONT GRIP
- MWA SANSIBILIZASYON SOU PREZANS
- RETE KONEKTE

SEPTANM 2021

Biltèn 14 | NIMEWO 78 |

M-DCPS ANONSE REVIZYON NAN PWOSEDI KARANTÈN COVID-19 YO POU ANPLWAYE AK ELÈV LEKÒL SEGONDÈ



“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) pa chanje nan angajman li pou bay sante ak byennèt elèv ak anplwaye li yo priyorite, li kontinye travay ansanm ak “Florida Department of Health (FDOH)” (Depatman Sante Florid) ak ofisyèl ekspè sante lokal yo nan devlopman pou pwotokòl yo. Done estatistik nou ap kontwòl yo gen ladan kantite ka pozitif COVID-19 pou chak 100,000 moun nan popilasyon

lokal la, nouvo admisyon nan lopital akòz COVID-19, ak kantite kabann lopital paysan COVID-19 nan Inite Swen Entansif (ICU) ak sa ki pa Inite Swen Entansif yo okipe.

Nou te konsilte ak Komite Sante ak Ekspè Medikal Distri a pou konsidere redui peryòd karantèn nan pou tout anplwaye ak elèv lekòl segondè yo.

Daprè konsèy medikal nou resevwa nan men komite a, kòmanse lendi 20 septanm 2021,

pwosedi karantèn COVID-19 ap revize nan jan sa a:

Si yo te nan kontak dirèk ak yon moun ki teste pozitif pou COVID-19, elèv lekòl segondè ak anplwaye ki pa vaksinen ka retounen lekòl/nan andwa travay si yo satisfè de (2) kritè sa yo:

- Yo bay yon rezilta tès PCR ki negatif ki fèt nan jou oswa apre senkyèm jou yo te ekspozé a, e
- Yo pa gen sentòm.

Pou elèv ak anplwaye ki pa vaksinen ki pa bay yon rezilta negatif tès PCR nan jou oswa apre senkyèm jou yo te ekspozé a oswa ki pa gen sentòm, nou rekòmande pou yo kontinye suiv pwotokòl karantèn 10 jou a depi jou yo te ekspozé a.

TI KONSÈY SOU
ENTÈNÈT POU PARAN

**Kominikasyon avèk
Pwofesè**

<https://bit.ly/3DVd5TC>



Nou ap raple w, elèv ak anplwaye ki resevwa vaksen konplè yo pap bezwen rantre nan karantèn epi yo ka rete nan lekòl/andwa travay yo si yo satisfè TOUT kritè règleman

“Disease Control and Prevention (CDC)” (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) yo:

- De (2) semèn pase depi yo:
 - o Resevwa yon dòz vaksen, oswa
 - o Dezyèm dòz la nan vaksen seri de (2) dòz la.
- Yo rete san sentòm apre yo te ekspozé a COVID-19 la.
- Yo pa abite nan kay an gwoup.

Anplis, nou pral chèche konn opinyon Depatman Sante Florid (FDOH) ak Komite Sante ak Ekspè Medikal Distri a konsènan

kondisyon lokal COVID-19 la ak enfòmasyon nesèsè ki ka pèmèt ajisteman nan pwotokòl pwosedi aktyèl kouvèti vizaj Distri a. Enfòmasyon sou COVID-19 toujou kontinye ap evolue. M-DCPS ap kontinye travay avèk Depatman Sante Florid ak ekspè medikal lokal yo pou asire paran yo ak kominote nou an rete byen enfòmè atravè laprès, enfòmasyon nou afiche sou medya sosyal, kominikasyon ant lekòl-lakay la, epi sou sit entènèt nou an <https://backtoschool.dadeschools.net/>.

MWA SANSIBILIZASYON SOU PREZANS NAN M-DCPS



Mwa Sansibilizasyon sou Prezans nan M-DCPS Chak septanm, “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) obsève Mwa Sansibilizasyon sou Prezans pou pwomote enpòtan prezans ak angajman pou siksè akademik. M-DCPS rekonèt pwoblèm prezans la gen yon koneksyon ak pandemi COVID-19 la. Pandan n ap kontinye ankouraje elèv ak anplwaye pou yo rete lakay pandan y ap suiv pwotokòl karantèn yo e lè yo malad, kòm

yon mwayen enpòtan pou diminye kontaminasyon maladi respiratwa tankou COVID-19; nou vle raple enpòtan pou elèv retounen lekòl lè kondisyon yo favorab.

Paran yo se patnè ki enpòtan anpil nan pwomote bonjan prezans. Anba a n ap jwenn kèk konsèy sou sa nou ka fè pou kenbe pitit nou prezan, aktif e pou yo aprann.

- Pale avèk pitit ou konsènan enpòtan pou yo ale lekòl.
- Veye si pitit nou bay siy estrès,

sipòte yo, koute enkyetid yo e mande anplwaye lekòl la èd.

- Kontakte pwofesè pitit ou e ba yo enfòmasyon ki kòrèk sou kontak ou, yon fason pou yo kapab kominike avèk ou fasilman. Pataje kèlkeswa enkyetid ou kapab genyen e mande èd si w bezwen.
- Suiv prezans pitit ou e enskri pou w ka resevwa mesaj atravè Pòtal Paran Dadeschools la, lè w klike sou bouton ‘View Grades & Attendance’ la.
- Fè prezans lekòl vin yon priyorite pou ou. Etabli woutin pou timoun al dòmi, reveye, e ale lekòl. Pa kite pitit ou rete lakay amwenske yo vrèman malad.

Kèlkeswa jan ou ale lekòl, an pèsòn oubyen sou entènèt, li enpòtan pou w prezan **#ShowUpMDCPS**.



Pandan n ap apwoche sou sezon grip la nan mitan pandemi COVID-19 la, li pi enpòtan toujou pou nou pran vaksen kont grip la pou diminye enpak maladi respiratwa.

Jan “Centers for Disease Control and Prevention (CDC)” (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) rekòmande sa, MEYÈ fason pou fè

prevansyon kont grip sezon an se pran yon vaksen chak ane.

- Chak moun ki gen laj sis mwa e plis ka resevwa vaksen kont grip la.
- Fè plan pou nou resevwa vaksen kont grip la byen bonè pandan Otòn sa a.
- Epòk kote grip la pi danjere se kòmansman desanm rive kòmansman mas.

Lè ou pran vaksen kont grip la sa pa anpeche w pran COVID-19. Kontakte doktè ou pou pwogram yon randevou oubyen Depatman Sante Florid nan (786) 845-0550, ki ap ofri vaksen GRATIS pou tout timoun ki poko gen 18 ane.

CDC rekòmande tou pou tout moun ki gen 12 ane e plis resevwa vaksen COVID-19 pou pwoteje tèt yo kont COVID-19. Nou ankouraje paran/ gadyen pou yo vizite sit entènèt eta Florid pou lokalize vaksen <https://floridahealthcovid19.gov/vaccines/vaccine-locator/> pou dènye enfòmasyon sou founisè vaksen ki disponib yo.

Atravè patenarya avèk Klinik Pedyatrik Mobil Sistèm Sante ‘University of Miami’, M-DCPS kontinye ofri tès COVID-19, vaksen obligatwa pou timoun lekòl nan divès lekòl atravè Distri a. Pou yon lis tout andwa kote y ap bay vaksen, dat ak lè y ap bay yo, vizite <https://bit.ly/3IJEu2w>.

M-DCPS RESEVWA FON POU OPERE PWOGRAM HEAD START/ EARLY HEAD START NAN 31 LEKÒL



“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) resevwa fon pou opere pwogram “Head Start/Early Head Start” (Lekòl pou Timoun Anbazaj) nan 31 lekòl atravè Distri a, nan men “Miami-Dade County Community Action and Human Services Department Head Start/Early Head Start Program” (Depatman Aksyon ak Sivès Imèn nan Miami-Dade

County, Pwogram Lekòl pou Timoun Anbazaj).


Pwogram ‘Early Head Start’ la se yon pwogram kominotè ki resevwa sibvansyon federal, yo ofri an patenarya avèk Miami-Dade County pou fanmi ki gen ti bebe ak timoun piti ki e ki pa gen gwo revni. Pwogram ‘EHS’ la sipòte devlopman fizik, sosyal, emosyonèl, mantal ak devlopman langaj chak timoun epi li ankouraje fanmi yo pou devlope objektif pou tèt yo ak pitit yo.

Sèvis pwogram ‘Early Head Start’ yo disponib nan sis (6) lekòl atravè konte a pou timoun, kòmanse nan nesans yo pou rive nan laj twa (3) an. Nou aksepte aplikasyon enskripsyon pandan tout ane a.

Pwogram ‘Head Start’ la resevwa sibvansyon federal pou timoun

laj 3-5 an pou fanmi ki pa gen gwo revni. Timoun yo patisipe nan plizyè aktivite edikasyonèl, resevwa devlopman pou timoun, tès despita sante ak evalyasyon alimantè; repa nourisan gratis ak ti goute; e yo kontan amize yo nan yon anviwònman aprantisaj ki gen sekirite e ki enteresan.

Nou aksepte aplikasyon pou enskripsyon pou toude pwogram yo pandan tout ane a. Pou plis enfòmasyon, kondisyon pou enskripsyon, aplikasyon sou entènèt ak yon lis konplè sou andwa pwogram yo, vizite headstart.dadeschools.net/ oswa www.miamidade.gov/headstart/; oswa kontakte “Department of Early Childhood Programs” (Depatman Pwogram Lekòl pou Timoun Anbazaj) nan 305-995-7636.



RETE KONEKTE!



Sit entènèt backtoschool.dadeschools.net la se yon pwèn santral pou enfòmasyon konsènan plan Distri lekòl la pou ane lekòl 2021-2022 a. Vizite li souvan pou dènye ajisteman nan pwogram, règleman, ak pwosedi pou ane lekòl 2021-2022 a.

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

1ye Oktòb
Ouvèti Peryòd
Aplikasyon Magnet

29 oktòb
Jou pou Pwofesè Fè
Planifikasyon – Pa Gen
Lekòl

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

20 oktòb
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) fyè dèske li ka kominike rapidman e efikasan avèk paran atravè mesaj vokal otomatik, imèl, mesaj tèks e atravè medya sosyal.

Bonjan enfòmasyon ki ajou, tankou nimewo telefòn ak adrès imèl, enpòtan anpil pou resevwa mesaj envitasyon oubyen mesaj ijan nan men Distri a ansanm ak lekòl yo. Paran ka mete enfòmasyon yo ajou lè yo kontakte lekòl pitit yo.

Fanmi ki swete resevwa enfòmasyon ijan ki soti nan lekòl pitit yo oubyen nan Distri a atravè mesaj tèks dwe enskri lè yo voye mesaj tèks “Y” nan 67587.

Aplikasyon Mobil Dadeschools la se yon lòt resous ki disponib e ki sèvi kòm yon espas kote paran ka resevwa tout enfòmasyon yo bezwen tankou orè klas yo, nòt elèv, ak plis toujou. Aplikasyon an disponib pou telechaje gratis sou nenpòt aparèy mobil atravè magazen aplikasyon ‘Apple’ oubyen ‘Google Play’.

Nou envite fanmi yo tou pou yo suiv M-DCPS sou medya sosyal pou dènye nouvèl, resous, ak bonjan enfòmasyon ki soti nan Distri a. Suiv nou sou Twitter nan @MDCPS oubyen @EscuelasMDCPS e sou Facebook ak Instagram nan @miamischools.

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup




@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Alberto M. Carvalho
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipèentandan Lekòl yo
Christi Fraga	Cori'Anna White
Doktè Lubby Navarro	Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	

Pwodiksyon Biwo Kominikasyon ak Angajman Kominotè
anba direksyon Daisy Gonzalez-Diego